

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil karya manusa nu miboga unsur kaéndahan ngaliwatan lisan atawa tulisan. Nurutkeun Iskandarwassid (2010, kc.138) nétélakeun yén karya sastra téh karya seni nu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptakeun salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra) kaasup fungsina atawa makéna basa. Jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa. Salasahiji hasil sastra lisan nu ngandung unsur kaéndahan dina wangun puisi Sunda di antarana pupujian (Isnéndés, 2010, kc. 17).

Pupujian nyaéta puisi tradisional anu eusina muji-muji kaagungan Pangéran, solawat ka Kanjeng Nabi, pépéling atawa umajak ngajalankeun ibadah (solat, puasa, jst) (Iskandarwassid, 2010, kc. 120). Pupujian biasana dinadomkeun di lingkungan madrasah, pasantrén, majlis ta'lim, jeung kagiatan kaagamaan séjénna, nu aya patalina jeung kaislaman. Di tatar Sunda pupujian mangrupa puisi buhun nu eusina nyoko kana ajaran agama Islam. Ari gelarna, bareng jeung asup sarta sumebarna agama Islam di Jawa Barat, kira-kira taun 1580, sabada karajaan Padjajaran runtag, terus taluk ka karajaan Islam.

Di sagigireun éta, di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar masih aya masarakat di masjid-masjid nu nganadomkeun pupujian dina waktu nungguan solat Magrib jeung Subuh. Najan kitu, aya Sawatara masarakat anu geus tara nganadomkeun deui pupujian di masjid. Ieu hal disababkeun masarakat Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar geus nuturkeun kamekaran jaman, anu ngabaluarkeun kana tumpurna budaya Sunda.

Pupujian mangrupa bagéan tina sastra Sunda kudu dimumulé jeung dipiara ku cara ditalungtik, dimekarkeun, didokuméntasikeun, diinvéntarisir, jeung dilarapkeun, sabab éta hal téh mangrupa salasahiji warisan titinggal karuhun pikeun ngajembaran kabudayaan nasional.

Ieu panalungtikan diayakeun pikeun nalungtik pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar pikeun nganalisis eusi jeung ma'na pupujian. Sangkan mikanyaho kana eusi jeung ma'na pupujian téh teu sagawayah, tapi kudu ngagunakeun pamarekan nu luyu, di antarana pamarekan struktural. Salian ti kitu, ieu pupujian ogé ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra yén karya sastra aya patalina jeung kanyataan. Éta karya sastra dipiharep bisa ngabaladah kasang tukang munculna pupujian dina aspék kahirupan masarakat jeung situasi kondisi tempat gumelar.

Masarakat bisa wanoh kana pupujian dina segi harti atawa ma'na anu nyampak dina rumpaka pupujian jeung ngamekarkeun warisan budaya. Salian keur masarakat, ieu pupujian gé bisa dijadikeun media atikan di sakola-sakola formal saperti nu aya dina kurikulum, pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII. Di sakola gé diajarkeun yén barudak sangkan apal naon ari nu dimaksud pupujian jeung kaitanana dina kahirupan sapopoé.

Panalungtikan nu ngarojong nyaéta di antarana panalungtikan nu dilakukeun ku Aam Masduki (2009) ngeunaan *Puisi Pupujian dalam Bahasa Sunda* nu medar ngeunaan bentuk eusi, jeung fungsi pupujian. Hasil tina éta panalungtikan yén bentuk pupujian téh aya nu kantetan opat, kantetan dua, kantetan genep, kantetan salapan, jeung kantetan robah. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Tata Sukayat (2017) ngeunaan *nadzom sebagai media pendidikan dan dakwah* nu medar ngeunaan fungsi pupujian Sunda pikeun bahan atikan jeung dakwah .

Pupujian minangka salasahiji panggeuing pikeun masarakat ngaliwatan rumpaka nu réa pisan ma'na jeung mangpaatna dijadikeun objék kajian panalungtikan. Aya Sawatara panalungtikan ngeunaan pupujian dina wangun skripsi di antarana skripsi meunang Olivia Sandy Nakhinda (2013) nu judulna “Pupujian di Kampung Manis Desa Garawangi Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pupujian di Kelas VII SMP” anu medar ngeunaan wangun, eusi, mangpaat jeung fungsi pupujian nu aya di daerah Kuningan jeung meunang Anggi Nadia Halimatul (2012) nu judulna “Pupujian di Kampung Rancamalang Désa Margaasih Kabupatén Bandung pikeun

Bahan Pangajaran Ngaregepkeun kelas VII di SMP” nu medar ngeunaan wangun, purwakanti, eusi, harti, fungsi jeung basa pupujian. Sasaruana dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Olivia Sandi Nakahinda nya éta sarua medar ngeunaan wangun, eusi, jeung mangpaat nu aya dina pupujian. Ieu panalungtikan nu dilaksanakeun ku Anggi Nadia Halimatul (2012) ogé sarua medar ngeunaan wangun, eusi, fungsi dina pupujian. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta ditilik tina sumber datana nu nyampak di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Ieu mah ngagunakeun ulikan struktural jeung ieu panalungtikan ditambahan ku pamarekan sosiologi sastra dina pupujian.

Pentingna ieu panalungtikan pikeun mikanyaho unsur-unsur nu aya dina pupujian saperti wangun, eusi, fungsi, jeung purwakanti dina téks pupujian. Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi mangpaat pikeun masarakat di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Salian ti éta, bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun pupujian di SMP kelas VII. Mikawanoh harti jeung ma'na naon waé nu nyampak dina éta pupujian patali jeung kaayaan sosial masarakatna. Ku kituna, ieu panalungtikan kalayan judul “Pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP kelas VII (ulikan struktural jeung sosiologi sastra)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi téks pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang?
- b. Kumaha unsur struktur pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang?
- c. Aspék sosial naon waé nu aya dina pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang?

Linda Hendriyanti, 2020

PUPUJIAN DI DÉSA SUKATANI KACAMATAN TANJUNGMEDAR KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMP KELAS VII (ULIKAN STRUKTURAL DAN SOSIOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Luyu henteuna pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ogé ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan sastra Sunda struktur jeung aspék sosiologi sastra dina pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di tingkat SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus anu bisa dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. téks pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang;
- b. struktur pupujian nu aya dina téks pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Sumedang Kabupatén Sumedang;
- c. aspék sosiologi sastra dina téks pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Sumedang Kabupatén Sumedang;
- d. luyu henteuna pupujian dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP ngeunaan pupujian.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan hal-hal nu aya antara sastra jeung budaya Sunda katut informasi séjénna, sarta bisa nambahan ogé maham kana struktur jeung aspék sosiologi sastra dina pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Sumedang Kabupatén Sumedang.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta bisa nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung kabudayaan. Salian ti éta, bisa dijadikeun panggeuing pikeun masarakat nu can apal kana sastra jeung kabudayaan Sunda sarta bisa ngaronjatkeun masarakat dina ngamumulé kabudayaan Sunda sangkan teu leungit ku pangaruhna jaman nu leuwih ningkat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab saperti nu dipedar ieu di handap.

BAB I: Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

BAB II: Ulikan pustaka, nu ngawengku pamarekan struktural, sosiologi sastra, sarta pangajaran ngaregepkeun pupujian di SMP, panalungtikan saméméhna, sarta raraga tiori.

BAB III: Méthode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, data sastra, pupujian, struktural, jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta analisis data.

BAB IV: Hasil panalungtikan jeung pedaran, ngawengku déskripsi pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang, data narasumber, data pupujian, sarta pedaran nu ngawengku ulikan struktural jeung sosiologi sastra.

BAB V: Panutup, nu ngawengku kacindekan hasil panalungtikan jeung rékomendasi pikeun panalungtikan séjénna.